Ассаламу гІалайкум!

# АХИХЪАН

№ 42 (7286)
10 октябрь 2017 сон
Талат
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## РДялъул БетІерасул ишал тІуралев Владимир ГІабдугІалиевич Васильевасул автобиографиялдаса



Россиялъул Президент В. В. Путинил Указалдалъун Дагъистан республикаялъул БетІерасул ишал тІуралевлъун тІамуна Россиялъул политик, пачалихъияв хІаракатчи Владимир ГІабдугІалиевич Васильев.

Владимир Васильев гьавуна Москва областалъул Клин шагьаралда І949 соналда. Гьесул эмен Асанбаев Г1али (Г1абдула) Асанбаевич миллаталъул рахъалъ ккола казах. Гьев вукІана педагог. Эбел Надежда Ивановна Васильева йикІана лъималазул ахикь хІалтІулей воспитательница. Гьавураб мехалда вукІинесев политикасе цІар кьуна Алик Асанбаев абун.

І978 соналда Владимир ГІабдугІалиевичасул лъугІана № 4 гьоркьохъеб школа, лъагІалидасан ана армиялде. ГІолилав ккана Архангельск областалъул стратегическиял ракетабазул войскаялде. І970 соналда законалда рекъараб къагІидаялда гьебги лъугІун тІад вуссана «гражданкаялде». Владимир цІализе лъугьана Москвалъул СССРалъул жанисел ишазул Министерствалъул милициялъул хасаб гьоркьохъеб школалде. Гьенив І972 соналде щвезегІан милициялъул школалдаги цІалун хІалтІизе лъугьана МВДялъул органазде.

І978 соналда Владимир ГІабдугІалиевичасул лъугІана ТІолгосоюзалъул юридикияб институт, (заочно). І99І соналда вахьана СССРалъул МВДялъул академиялъул выпускниклъун. Хадуб щвана юридикиял гІелмабазул кандидат абураб гІелмияб степень. Чанго сонидасан «Диссернет» сетевияб сообществалъул диссертация цІунун хадуб бичІчІана 60 % Васильевасул хІалтІул 2000 соналда диссертация цІунараб депутат Сергей Абельцевасул диссертациялда такрар гьабун букІин.

І99І-І992 соназда Владимир Васильев вукІана РСФСРалъул МВДялъул хъулухъалъул организациялъул инспекциялъул управлениялда. Хадуб гьев лъагІалица вукІана РФялъул МВДялъул Аслияб инспекциялъул бетІерав инспекторлъун. І993-І995 соназда Васильев вукІана МВДялъул штабалъул начальникасул замлъун ва оперативияб управлениялъул начальниклъун. І995-І997 саназде щвезегІан вукІана Москвалъул МВДялъул Аслияб управлениялъул начальникасул т1оцевесев замлъун.

Ихдал І997 соналда Владимир ГІабдугІалиевич вахьана МВДялъул организованнияб такъсирчилъиялъул Аслияб управлениялъул начальниклъун ва жанисел ишазул министрасул тІоцевесев замлъун. КІиго сонидасан Васильевасе жинцаго хІукмо гьабуна органаздаса нахъе ине. Гьелдаса хадуб бачІинахъего гьев тІамуна РФялъул ХІинкъи гьечІолъиялъул Советалъул секретарасул замлъун.

200І-2003 соназда В. Васильевасул букІана РФялъул жанисел ишазул министрасул замасул пост. 2003 соналда пачалихъияв хІаракатчи, «Единая Россия» партиялъул член, Тверь обласалдасанункъабилеб нухалъ ахІараб Пачалихъияб Думаялде депутатлъун вищана, 2007 соналда щуабилеб ахІиялда нахъеги Пачалихъияб Думаялде депутатлъун вищана, гьединго анлъабилеб ахІиялда 20ІІ соналдаги гьенивего депутатлъун вищана. Гьебго заманалда В. ГІабдугІалиевич унаан Госдумаялда хІинкъи гьечІолъиялъул, коррупциялде данде керкьеялъул Комитеталде, ккуна Госдумаялъул доходазул баяназул хал гьабиялъул, имуществалъул, тІадеросиязул хІалтІи гьабиялъул Комиссиялъул председателасул кресло. 20І2 соналъул хаслихъе Васильев вищун вукІана «Единая Россия» фракциялъул лидерлъун ва вахьана парламенталъул гьоркьияб палатаялъул вице-спикерлъун.

В. Васильев жиндирго профессионалиял ишазухъ, захІматалъухъ гІемер мустахІикълъана къиматал шапакъатазе. Гьесие кьуна «За заслуги перед отечеством» ІІІ ва ІV даражабазул кІиго орден, «Мужество» орден, гІемерал хІурматиял грамотаби. Гьеб гуребги В. Васильев ккола РФялъул мустахІикъав юристги.

## Росдал магІишаталъул хІалтІухъабазул Къогун!

**ХІурматиял районалъул росдал магІишаталъул ветеранал ва хІалтІухъаби!**

РакІ-ракІалъ баркула нужеда росдал магІишаталъул ва перерабатавающияб промыщленносталъул хІалтІухъабазул праздник!

Агропромышленнияб комплекс ккола районалъул экономикаялъул кІвар бугеб бутІалъун. Аграрияб сектор цебетІезабиялъе щибаб къойилаб хІалуцараб хІалтІулъ бажари бугел нухмалъулезда, гьайбатал махщелчагІазда, механизаторазда, боцІухъабазда, аграномазда, фермеразда, цогидалги тІадегІанаб пайда кьолеб магІишатчилъиялде рарал гІадамазда битІухъего бараб буго гІицІго экономикияб рахъ гуребги районалъул щибаб хъизаналъул социалияб битІункккейги.

РакІ-ракІалъ баркалаялъул рагІаби абизе бокьун буго росдал магІишаталъул кооперативазда, рекъарухъабазул (фермерчилъиялъул) магІишаталъул нухмалъулезда ва специалистазда, киналго ракьаздаса пайда босулезда.

Нужеца хІурматалда цебехун бачунеб буго гІицІго захІматалъул гуреб дагъистаниязул гІамал-хасияталъул гІадаталги. Баркала, нужее, ишалъе къураб ракІалъухъ ва хІалалаб захІматалъухъ!

Хасал рагІаби абизе ва гІодобе бетІер къулизе бокьун буго росдал магІишаталъул ветераназе, жидерго кинабго гІумро росдал магІишаталъул хІалуцараб ва захІматаб хІалтІуе кьурал, гьединаб захІматалдалъун гІолеб гІел куцалезе. Гьарула нужее ва нужер гІагаразе щулияб сахлъи, лъикІлъи ва талихІ, рокъоб къваригІанщинаб!

## С Днем гражданской обороны МЧС

Уважаемый Нариман Махмудович!
Уважаемые работники и ветераны Главного Управления МЧС России по Республике Дагестан! От всей души поздравляю Вас с 85-летием со дня образования гражданской обороны МЧС!

Обеспечение безопасной жизнедеятельности человека всегда было и остается делом государственной важности. Вы все – военные, пожарные, спасатели, сотрудники и работники гражданской обороны МЧС ежедневно решаете сложнейшие задачи по предотвращению кризисных ситуаций, ликвидации последствий катастроф и стихийных бедствий. Обеспечивая безопасность граждан, подчас, вы рискуете своим здоровьем и даже жизнью. Ваши профессионализм, самоотверженность, отвага и бесстрашие снискали заслуженный авторитет и высокую оценку со стороны населения. Во-многом, благодаря четкой организации взаимодействия и слаженности действий всех городских служб и Главного Управления МЧС России по Республике Дагестан, удается предотвратить тяжелые последствия от чрезвычайных ситуаций. Активно реализуются такие задачи гражданской обороны, как оповещение и обучение населения, поддержание в состоянии готовности защитных сооружений, создание резерва материальных ресурсов, оказания помощи пострадавшим от пожаров и сложных погодных условий. Жители столицы и всего Дагестана уверены, что работники гражданской обороны и впредь будут с честью выполнять поставленные задачи на благо Отечества. Выражая слова признательности за нелегкий труд, мужество и героизм, желаю Вам, всему личному составу Главного Управления МЧС России по Республике Дагестан и ветеранам гражданской обороны крепкого здоровья, благополучия, новых успехов в жизни и службе!

**Глава МО «Унцукульский район» Иса Магомедович Нурмагомедов.**

Имам Шамил гьавун - 220 сон

## «АхІулгохІда» - кІудияб мажлис



7 октябралда районалъул «АхІулгохІ» тарихиял мемориалияб комплексалда букІана имам Шамиль гьавуралдаса 220 сон тІубаялде буссараб тІолгореспубликаялъулго мажлис. Гьенире рачІун рукІана республикаялъул киналго бокІназдаса 20000 чи, ай гьеб букІана гІемарав чи гІахьаллъараб кІудияб мажлис.

**(Ахир 2 гьумералда)**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 42 (7186)*
*10 октябрь 2017 сон*



11 октябралда Дагъистаналъул БетIерасул ишал тIуралев В. Васильевас Госдумаялда гьарана Дагъистаналъе кумекалъе гIарац биччай,-ян. Бихьизабуна гьелъул Госдумаялда цебе хIисаб кьезе бугин. Гьес байбихьулаб хIалтIи гьабизе буго регионалъул экономика щула гьабиялдасан. В. Васильевас тIадчIей гьабуна Дагъистаналда рухIалде биччалеб гIарац Россиялда бищунго дагъаб бугилан.



## «АхIулгохIда» - кIудияб мажлис




Гьенир гIахьаллъана нилъер райадминистрациялдаса вакилзабиги. Гьелда гьоркьор рукIана бетIерасул замал С. АрулмухIамадов, М. ХIамзатов, ва цогидалги хIалтIухъаби. Тадбиралъул программаялда рукIана нашидал ахIи, цIали, Къуръаналдаса аятал цIали, мавлид ахIи, вагIзаби ва. гь. Гьединго гIахьалчагIазда цеве вахъана РДялъул муфтиясул ишал тIуралев ГI. ГIажимоллаев, Дагъистаналъул исламалъул университеталъул тарихалъул кафедраялъул зав. М. Дадаев, РДялъул Югалъулаб федералияб округалъул уполномочениияв вакил М. ГIабидов, диниял организациязулгун хIалтIи гьабиялъул комитеталъул пред. М. ГIабдурахIманов, РДялъул НСалъул районалдасан депутат М. МухIамадов, Унсоколо районалъул имам Гъ-М. Абакаров ва цогидалги.

Гьединго имам Шамилил гIумроялъул нухалъул бицунеб конкурсги тIобитIана «АхIулгохI» комплексалда аскIоб. Рагьана цIияб мажгит.

## Коррупциялде данде

I0 октябралда ЦIатIанихъ росдал «Чебурашка» ясли-ахикь коррупциялде данде чIараб тематикаялда семинар-совещание тIобитIана. Гьений гIахьаллъана районалъул бетIерасул кумекчIужу Р. ХIайбулаева, лъай кьеялъул управлениялъул хIалтIухъаби, ЦIатIанихъ росдал бетIер Н. Сайпулаев ва цогидалги.



Семиналда гьоркьоб лъураб аслияб тема букIана школалъул гIумроялде рахинчIел лъималазе коррупциялъул х1акъалъулъ бичIчIизаби, маргьабазул героязул ишаздалъун гьезие бичIчIи кьей. 5-6 сонил гIумроялда ругел чIахIиязул группаялъул тарбия кьолей Лаюзат МухIамадбеговалъ, музыкалияй нухмалъулей Индира Жамалудиновалъгун цадахъ хIана магIнаяб сценка. Гьелъул цIар букIана «Кин цIе коррупциягун дандчIвараб?»,-абураб.

Раисат ХIайбулаевалъул рагIабазда рекъон районалда лъималазулгун гьабулеб хIалтIи кьокьлъуларо лъай кьеялда, кваназариялда, гьезие тарбия кьеялъулги буго кIудияб кIвар.

«Дун кутакалда рази йиго нужеца районалъул лъай кьеялъул идараялъгун цадахъ ясли-ахалъул зав. М. ХIусейновалъ х1адурараб гьадинаб тадбиралда гIахьаллъизе щвеялдаса, жакъасеб кьояльул кIвар бугеб темаялде гьениб кIвар кьолеб букIиналдаса, гьадинал тадбираз хIасилги кьола»,-ян бихьизабуна Раисат ХIайбулаевалъ.

Приоритетниял проектал – гIумроялде!

# Проектазулгун хIалтIул качество борхиялъе



Араб анкьалда райадминистрациялъул конференц-залалда букIана республикаялъул приоритетниял проектал гIумроялде рахьинариялда хурхараб семинар-совещание. Гьенир гIахьаллъана: РДялъул бетIерасул ва Правительствалъул администрациялъул гIуцIиялъул проектнияб управлениялъул нач. М. ГIабидов, РДялъул бетIерасул ва Правительствалъул гIуцIиялъул проектнияб управлениялъул организациялъул консультант М. ХIажиев, Дагъистаналъул Минсельхозпродалъул ва ракьазда хадуб хьаравуллъи гьабиялъул, Мориторингалъул отделалъул нач. Ж. Шахбов, районалъул бетIерасул замал, кумекчагIи, Собраниялъул пред К. Асадулаев, отделазул начальникал, росабазул бутIрул.



Совещание рагъулаго районалъул бетIерасул тIоцевесев зам. С. АрулмухIамадовас салама-лъулал рагIаби абуна гьалбадерида ва баркала загьир гьабуна районалъул проектазде кьолеб бугеб кIваралъухъ.

Жиндирго кIалъаялда М. ГIабидовас бихьизабуна приоритетниял проектал пайдаяб куцалда гIумроялде рахьинариялде буссараб бугин гьаб дандчIваялъул мурад,-абун. «Обеление экономики», «Человеческий капитал», «Эффективное государственное управление», «Эффективный агропромышленний комплекс»,-абурал суалалгун рахъана С. АрулмухIамадов, М. ХIасанова, П. МалламухIамадов ва цогидал ги .

Жидерго докладазда гьез бицана районалда проектазда хурхун гьабулеб бугеб хIалтIул, гьезул динамикаялъул, дандчIвалел ругел захIмалъабазул. Гьедин жиндирго кIалъаялда С. АрулмухIамадовас «Обеление экономики» проекталда хурхун бихьизабуна гьеб проект гIумроялде бахьинабулаго дандчIвалел захIмалъабазул. Гьединго неформалияб занятосталъул бицунаго абуна: «Гьелда хурхун гьабулеб буго цIакьго кIудияб хIалтIи, гIуцIана гьелъие хIалтIулаб группа. Мисалалъе, 20I6 соналда гьез план 4 проценталъ цIикIкIунги тIубазабуна, 20I7 соналъул жакъа районалда план тIубан буго 84,2 проценталъ. Амма гьеб ишалъул органалгун хIалтIиялъул иш буго загIипго!,-абун.

«Человеческий капитал» проекталда хурхун доклад гьабуна М. ХIасановалъ ва бихьизабуна гьеб проеталда хурхун лъикIал хIасилал ругин, амма ругин хасго ясли-ахазда лъимал кьеялда очередал рукIиналда хурхун захIмалъаби. Гьедин руго № 9 ясли-ахикь, гьелъул школалда ремонт гьабизе ккеялъул, ХъахIабросулъ, Балахъуни школал разе ккеялъул церехун унел гьечIел суалал.

Семинар-совещаниялда гIахьаллъараз рорхана гIемерал кIвар бугел суалал. Масала, Рихьуниса – ХI. ГIабдулаевас бицана ГЭС балаго хварал ракьазул компенсация щвечIолъиялъул.

ХIасилал гьарулаго М. ГIабидовас бихьизабу на гьел суалал кIвар кьеялдаса рорчIизе теларин. Гьес абуна: «Гьаб совещание гьабулеб гьечIо хал гьабиялъул мурадалда, проектал гIумроялде рахьинари мурадгун гьабулеб буго. Нижер аслияб масъала ккола – проектнияб ишалъулъ нужее кумек гьаби, гьезул гьабиялъул качество букIинаби, районалда гьабулебщинаб хIалтIул качество букIинаби!,-абун.

Къокъго абуни дандчIвай ана гьудуллъиялъул ва цоцада божиялъул ахIвал-хIалалда. Ахиралдаги С. АрулмухIамадовас гьалбадерие баркала кьуна районалъе гьабулеб бугеб кумекалъухъ ва бихьизабуна семинар-совещениялъ хадубккунисеб хIалтIуе кумек гьабилилан.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 42 (7186)*
*10 октябрь 2017 сон*

3 гьумер

# Садовод

Страница в номере



# Речь В. А. Васильева на официальном представлении



**В четверг, 5 октября, в Доме Правительства Дагестана состоялось официальное представление врио Главы республики Владимира Васильева.**

У некоторых, как и у моей внучки, наверное, возникает вопрос: а зачем я сюда приехал?! Я хочу вам ответить. Сегодня мои коллеги, выступавшие до меня, говорили о непростом пути, который прошёл Дагестан в новейшей истории. И вы все хорошо помните о роли Владимира Владимировича Путина. Так получилось, что я с ним работал. Я хорошо помню, с чего мы начинали. Было время, когда, и не только я, не знал, останемся ли мы страной. Всё гремело, взрывалось, а у власти находились разные люди. Нас раскололи, разорвали и нами манипулировали. Владимир Владимирович пришёл и собрал страну, уберёг от распада, остановил братоубийственные действия здесь, на Кавказе. Конечно же, я хорошо помню роль Дагестана в 1999 году и оценку, которую дал республике Владимир Владимирович. Там, в Ботлихе, встали на защиту своей Родины, страны, патриоты, горцы, рядовые дагестанцы вместе с силовыми структурами. Именно тогда наступил перелом. Это был нравственный урок для всей России, своего рода предупреждение, до чего можно дойти.

Я вижу, как работает В.В. Путин, даже в районе часа ночи идёт работа. И когда он попросил меня занять эту должность, я не мог не ответить. То же самое я сказал своей семье, и меня поняли. Моя страна дала мне возможность применить свой опыт на благо Дагестана. Мне 68 лет, но я буду честно работать, пока есть силы. И говорю об этом, глядя в глаза всем здесь сидящим. Когда я работал в системе МВД, часто бывал в Дагестане. Непростые были времена. Затем был опыт руководства Управлением по Северному Кавказу Аппарата Совета Безопасности. Все помнят захват здания Госсовета республики сторонниками братьев Хачилаевых. Тогда сложилась такая ситуация, что Министр внутренних дел РФ Сергей Степашин находился в командировке за рубежом. Исполняющий обязанности Секретаря Совбеза РФ Андрей Кокошин поручил мне возглавить операцию по освобождению Махачкалы.

Мы работали вместе с прибывшим из Москвы Магомедали Магомедовым и министром внутренних дел РД Магомедом Абдуразаковым. Мне были переданы полномочия всех силовых структур. Нужно было принять решение – незамедлительно направить войска в Махачкалу или подождать результатов тяжелых переговоров Магомедали Магомедова с мятежниками. Уже тогда я думал о народе Дагестана, понимая ответственность за принятое решение в случае срывов переговоров. К счастью, Магомедали Магомедову удалось решить вопрос бескровно. Это я вам рассказал, чтобы вы лучше меня узнали.

Я постараюсь всё, что было сказано сегодня, услышать. Кроме того, я поделюсь с вами планами. Я приму отставку Правительства, но вместе с тем, намерен предоставить возможность исполнять обязанности всем, кто работает сейчас, и буду смотреть на дела. В эти дни, встречаясь с Президентом, в Правительстве России с Председателем, министрами, получил определённые заверения о поддержке. Я бы сказал, что к вам пришёл не я один, к вам пришла Россия. Мы договорились, что Дагестан получит в 2018 году серьёзную поддержку. Но при этом я чувствую ответственность и вы её чувствуете - это деньги бюджета, это деньги наших россиян. Все понимают, что они идут на дело и нам нужно подумать над тем, как нам более эффективно тратить средства. Мы должны переходить и демонстрировать способности к более эффективному использованию ресурсов. Недавно в Сирии мы встречались с Асадом, с сирийским народом. Я видел очень уважаемых людей: Главу разрушенного города Алеппо, у которого только что боевики убили сына-курсанта. Представляете, каково им? Проблему надо чувствовать и решать в зародыше. Очень часто общественные проблемы долго зреют и заканчиваются очень трагически. Такого нельзя допустить.

Я постараюсь сделать то, что запланировано вами. Но хочу добавить следующее. Первое. У меня в семье нет больших начальников. Жена пенсионер, дочь занимается малым бизнесом. Поэтому прошу не ходатайствовать о ком-либо. Иначе вы просто поставите меня в неловкое положение. Я вас уважаю. Второе. Я смогу некоторым процессам, которые не получили развития на федеральном уровне, придать импульс. Все интересные предложения, заявления будут рассматриваться. Но при этом прошу иметь в виду: я человек конкретный, и поэтому если кто-то взялся за работу, то должен ее исполнить. Если он ее не исполняет, то не будет работать на занимаемой должности. Независимо от того, кто за него будет ходатайствовать. Говорю это сразу, чтобы мы понимали друг друга, и не было обид. А тех, кто работает, буду всячески поддерживать, понимая, что не ошибается тот, кто не работает.

Я прихожу после сильных руководителей, которые сплотили республику. Вы же помните, что было с Чеченской республикой и другими республиками Кавказа? Дагестан избежал этой участи. И это огромное достижение руководства того времени, всех вас, присутствующих здесь. Конечно же, Рамазан Гаджимурадович провел большую работу, мы это видим.

У меня есть преимущество – я не принадлежу ни к одной из дагестанских национальностей. У меня отец казах, а мать русская. И думаю, мы, уважая друг друга, чтя традиции, будем выбирать не по национальной квоте, а по таланту, по способности. При этом хочу сказать: за мной нет никакой группы поддержки, я могу лишь опираться на вас всех. На всех. Только так у меня будет что-то получаться. И здесь не должно быть фальши и обид. И тогда, я думаю, мы предоставим нашим талантливым детям лучшее будущее здесь, в Дагестане, да и за его пределами.

Дагестан сегодня обладает колоссальным потенциалом. Огромные, богатейшие ресурсы. Но самое главное – это люди. Очень важно, что Дагестан – регион, где много молодежи, как нигде в России. Давайте над этим задумаемся. Молодежь Дагестана в значительной части определяет будущее всей России. То, что у республики самые лучшее борцы – это замечательно! Но нам надо помнить, что впереди совершенно другая эпоха – информационных технологий. Это нужно иметь в виду и дать шанс нашей молодежи. Мне кажется, пришло время над этим серьезно задуматься.

Я надеюсь, что мы вместе с вами будем работать дальше. После изучения и знакомства с министерствами мы будем готовить новые программы, дорабатывать имеющиеся с участием тех федеральных руководителей, которые нам необходимы. У меня здесь есть опора – Дагестанская фракция «Единой России», с которой мы работали все эти годы, работали хорошо, уважая друг друга. Спасибо вам большое, друзья. Надеюсь на вашу поддержку.

Я постараюсь исходить из того, что уже сделано, опираться на тех, кто работает, поддерживать и не терять возможность находить новых талантливых людей. Кадровая политика для меня обязательно должна быть открытой. Вы должны ее понимать. Если что-то покажется непонятным, буду признателен, если вы об этом скажете. Я умею слушать и менять свое представление, если меня аргументировано убедят. Желаю успехов в нашей совместной работе.

**Юбилей:** поздравление

## Истинный патриот



Сегодня свой юбилей отмечает почетный работник образования РФ, заслуженный наставник молодежи РД, отличник просвещения РД, член- корреспондент Международной Академии туризма Ибрагимов Гаджи Гусейнович.

Ибрагимов Гаджи Гусейнович родился 10 октября 1957 года в селении Унцукуль Унцукульского района. В 1976 году окончил Унцукульскую СОШ №1, и в том же году поступил на исторический факультет ДГУ. В 1981 году начал свою трудовую, профессиональную деятельность учителем истории в родной школе.

А в 1995 году благодаря целеустремленности, упорству, любви к детям под руководством Гаджи Гусейновича была открыта Унцукульская Станция детско-юношеского туризма и экскурсии.

В течении всех этих лет на Станции проводилась и проводиться по сей день целенаправленная работа по развитию и совершенствованию туристско- краеведческой работы.

Под руководством Гаджи Гусейновича воспитанники Станции принимали активное участие на различных конкурсах, мероприятиях, где были удостоены призовых мест как республиканского, так и всероссийского уровня.

А уже с 2017 года Ибрагимов Гаджи Гусейнович работает заместителем директора»Республиканского Центр Детско-Юношеского Туризма и Краеведения» (РЦДЮТК) в г. Махачкала.

Гаджи Гусейнович за свою жизнь провел огромную работу, выпустил много изданий (книги, брошюри, статьи в различных журналах, газетах).

Но самым значимым его трудом является книга «История Унцукульского района», которая была выпущена к 80- летию района. При написании данной книги была проведена огромная поисковая работа, было вложено очень много труда и сил.

Кроме того, Гаджи Гусейнович награжден медалью «Патриот России».

Ибрагимов Гаджи Гусейнович является достойным гражданином, истинным патриотом своей малой и большой Родины и примером для всего подрастающего поколения .

И в этот 60 - летний юбилей хотим Вам искренне пожелать здоровья, вдохновения, оптимизма, любви родных, внимания друзей, счастливой, интересной, яркой жизни!

**От коллектива Унцукульской Станции детско- юношеского туризма и экскурсий.**

# Супихалун Магомедова:
# «С благодарностью к тебе - Унцукульская СОШ №1»

(К Всемирному дню учителя)



К нам в редакцию пришло необычное письмо. Супихалун Магомедова обратилась к нам с просьбой опубликовать ее обращение к своей школе.

Накануне профессионального праздника учителей, она помнив и уважая их труд и вклад в ее образование, решила, что будет правильным поблагодарить их за все что они сделали для нее и для остальных учащихся.

В данное время она студентка 4 курса биологического факультета Дагестанского Государственного Университета, но до сих пор с особой теплотой и благодарностью вспоминает свою школу и учителей. В этом весьма благородном деле мы не смогли ей отказать. Приятно, что и в наше время подрастающее поколение относится с большим уважением к тем, кто стоял у истоков становления личности и выбора жизненного пути.

Несомненно, что к ее словам и пожеланиям присоединяться выпускники всех школ нашей страны.

«В преддверии праздника- Всемирного дня учителя, хочу выразить слова благодарности своей Унцукульской СОШ №1

Хочу поздравить своих любимых учителей с их профессиональным праздником. День учителя – важный праздник. В учителе нуждается каждый человек, потому -что он учит не только писать и читать, но и правильно мыслить и рассуждать , правильно поступить в любой ситуации, правильно жить.

Вот уже пошел четвертый год как я закончила школу. Я уже студентка 4 курса. Но не смотря нам веселые и насыщенные события студенческих лет, память о школьных годах никак не покидают меня и «виною» тому большей частью вы - дорогие учителя. Ведь именно вы играете важную роль в создании той теплой и дружеской атмосферы, которая царила в школе. Спасибо вам главное за то, что относились к нам никак всего лишь к ученикам, а как к родным детям.

Своей похвалой пробуждали силы и желание учиться, достигать новых вершин. Своими наставлениями указывали на ошибки и подталкивали к поиску верных решений. Своим советом помогали сделать правильный выбор. И даже ругали для нашего же блага. Вы формировали нас как личности и я очень счастлива, что училась именно в этой школе, которая послужила мне своеобразным трамплином для дальнейших успехов.

Благодаря полученным здесь знаниям, я сумела справиться с довольно- таки сложной программой обучения в университете.

Возможно именно то неизгладимое впечатление, которое мои учителя произвели на меня определили мой выбор профессии.

В честь этого праздника, я от всей души желаю вам мои дорогие крепкого здоровья. Желаю чтобы счастье никогда не покидало ваш дом. Пусть та доброта, та энергия и искренность которую вы дарили нам возвращались к вам многократное количество раз. Пусть все ваши старания, усердие и силы, никогда не пропадают даром. Успехов и процветания в вашей трудоемкой работе. Пусть ваш труд будут ценен всегда, и да хранит вас Всевышний.

…Учитель! Перед именем твоим  
Позволь смиренно преклонить колени!  
Ты нас гуманно мыслить научил,  
Едва ль не первый вспомнил о народе,  
Едва ль не первый ты заговорил  
О равенстве, о братстве, о свободе…

**С искренними пожеланиями и большой признательностью к вам, ваша ученица- выпускница 2014 года Супихалун Магомедова».**

*Сахлъи*

# Жир черхалъе бакIаб гьир гуро

(Нилъер организмалда щибго тIокIалъе ккараб жо гьечIо жирцин, кьаралъиялъ цIакъго гIорхъи бахинчIони)

**Жиралъ кумек гьабула иммунитеталъул системаялъе**

ЦIакъго рагIа-ракьанде щвараб рагъ жиралдехун лъазабуни, хIасилал пашманал ккезе бегьула. Гьеб ритIухъ гьабулеб буго ахирияб заманалда Россиялъул гIалимзабаз гьабураб цIех-рехалъ. Цебе рикIкIунаан жир чорхолъе баччизе балагьаб гьир бугин, рекIелгун бидурихьазул эндокринниял ва цогидалги унтабазе квер бакъулин. Амма жировиял клеткабазда хурхун медиказул батIияб пикро буго. Гьелъ кумек гьабула кколеб къадаралда иммунитет чIезабизе ва инфекциягун къеркьезе. Жир гьечIеб диетаялдалъун фигура гьабизейищ бокьун бугеб? ГIададисеб жо, нужеца тIомалда гъоркь бугеб жировияб клетчатка букIине бегьулаdevelopment хIалакъ гьабизе бегьула. Гьеб хIажалъулелъулха тIулги ургьисалабиги гIадин. Нуж божа, гIемерал рахъал руго жиралдехун кIвар кьолел. ТIомалда гъоркь букIунеб жиралъулаб клетчаткаялъ лъугьинарула гормонал, гьел абуни иммунникяб системаялъул хIалтIуе чара гьечIого хIажалъула ва инфекциязде данде къеркьола.

**Жанисел органазе жир ккола «шубка»**

Нилъер жанисел органазе «шубка» бессун буго жировиял клеткабаздасан. Гьелъ гьел квачазе толаро. Нужго балагье, тIадчIун тIеренлъизарурал гIадамазде хехго грипп щола, хроническияб бронхиталъ ва цогидалъги гIемер унтула. Къандалъоялъ гIадин ккун букIуна жиралъ нилъер жанисел органал. Гьеб гьечIони букIуна матка, почкаби гIодоре дали ва цогидалги кьаби щвезариял.

**Жир хIажалъула витаминазул пайда букIиналъе**

КIвар буго квандасан щолел жиразул. Рижулел жалаздасан, ччугIил, хIайваназул. Гьел гьечIони иммунияб система букIина кколеб куцалъ хIалтIизе рес гьечIо. Гьелъ кьола черхалъе рухIжан, хIажалъула гормоназул синтезалъе, ай ккола х1ажатаб жолъун А, Е, Д, К витаминал чорхолъ рукIиналъ.

Цо иш буго «лъикIалги», «квешалги» жирал гIемерлъизе тунгутIи. ЦIакъго гьел цIикIкIинеги лъикIаб гьечIо иммунияб системаялъе. ЛъикIал жираздасан ккола оливкаялъул нах, кунжуталъул хьон, цIоросаролъил нах, семичкадул, хъабахъалъул хьон. «Квешазул» списокалда руго кьариял бакIал ругеб гьан, колбаса, сливочнияб нах, мороженое, майонез, рахь, сливкаби, хIан. «Меседилаб гьоркьоблъиялда» руго багIараб гьан, гIанкIу, ччугIа.

ЦIакъго зарал бугел руго чипсазда, цо-цо конфетазда, выпечкабазда ругел жирал.

ЛъикIаб букIинаан хасал прибораздалъун черхалда бугеб жир чIезабуни. Бихьиназул норма буго I0-I8 %, руччабазул I8-26 %. Гьединаб норма батани, нужер тIокIалъе ккараб жир гьечIо.





**Специалисты восточной методики лечения приглашают провести обследование всего организма на клеточном уровне, на специальном аппарате по акупунктурным точкам всего за 1000 рублей.**

**Детям до 5 лет консультирование специалиста и назначение бесплатно.**

**Прием всех желающих состоится в субботу в п. Шамилькала. Подробности по тел.: 8963 426 04 41, 8 964 049 89 20**



Газета основана 1937 г.

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора 89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 9. 10. 17г. 15. 20
фактически -16. 30 мин.
..........................................

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.